



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LWA POU OGMANTE DWA PARAN YO NAN ESPAS TRAVAY LA ANVIGÈ KOUNYE A

Lejislasyon an egzije anplwayè yo pou bay espas avèk enstalasyon presi pou tire lèt nan tout sekirite

Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon nouvo lwa ki egzije tout anplwayè yo bay plis aranjman pou tire lèt ki antre anvigè jodi a. Lejislasyon an ke Gouvènè Hochul te siyen [desanm pase a](#), egzije tou pou anplwayè yo adopte yon politik ke Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor) te devlope ki tabli dwa anplwaye yo lè y ap tire lèt nan espas travay la. Nouvo aranjman sa yo asire ke tout travayè yo gen menm sekirite a, akomodasyon ki pwòp atravè eta a.

"Espas travay nou yo dwe ofri, plas ki ijyenik, sekirize api adapte pou anplwaye ki nouris yo ponpe an prive epi avèk diyite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè li egzije anplwayè yo pou bay akomodasyon dekalite, lejislasyon sa ap amelyore sekirite anplwaye ki nouris yo epi ogmante pwoteksyon swen sante yo ak aranjman pou bay tete."

Lwa sa egzije tout anplwayè nan Eta New York pou bay espas pou tire lèt ki konvenab, prive nan espas travay la ki enkli plas pou chita, yon tab oswa sifas plat, yon priz elektrik ak aksè nan dlo k ap koule ki toupre. Anplwayè yo dwe edike anplwaye yo sou dwa yo pou tire lèt nan tete nan espas travay la lè yo bay tout anplwaye yo nouvo politik la. Politik ki amelyore sa asire ke tout anplwayè yo konprann responsablite yo, epi tout travayè yo konnen dwa yo konsènan kapasite pou tire lèt nan tete nan espas travay la. Oryantasyon sa se règ minimòm ke tout anplwayè dwe respekte. Yo ankouraje anplwayè yo pou mete aranjman siplemantè ki adapte ak espas travay yo ak bezwen anplwaye yo.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Li vital ke nou pwoteje epi soutni paran k ap travay yo pandan yo nan travay. Lè nou bay yon anviwònman ki san danje epi ki enklizif ki akomode bezwen anplwaye ki nouris yo, se pa sèlman yon egzijans legal, men yon aspè fondamantal pou favorize yon espas travay ki sen epi ki ekitab. Nouvo politik sa kreye yon anviwònman ki respekte dwa ak byennèt tout travayè yo, fè pwomosyon fason pou kenbe anplwaye, epi favorize yon mendèv ki pi enklizif epi pwodiktif nan Eta New York."

Depatman Travay Eta New York la te fè yon konferans deprès nan UR Medicine Orthopedics and Physical Performance Center nan Marketplace Mall, jodia a 10:30 a.m. pou diskite sou detay politik la nan kolaborasyon ak Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health). Inivèsite Rochester te deziye nouvo etablisman li a genyen plizyè sal laktasyon ki depase nouvo egzijans yo.

Komisè Sante pa Enterim Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Antanke yon pedyat, mwen konnen an premye enpak pwofon bay tete ka genyen sou rezilta sante, ansanm ak baryè pou bay tete nan espas travay yo ke paran yo ka fè fas. Mwen felisite angajman Gouvènè Hochul pou devlope pwoteksyon nan plas travay yo pou anplwaye ki nouris yo atravè pwogram tankou sa, ki brize baryè pou paran yo bay tete, elaji patenarya kominotè yo pou soutni politik ak sistèm ki fè pwomosyon pou bay tete, epi konstui anviwònman ki enklizif ki soutni anplwaye k ap bay tete yo"

Prezidan Inivèsite Rochester (University of Rochester) Sarah Mangelsdorf, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul, Depatman Travay Eta New York la, ak Depatman Sante Eta New York la dèske yo dirije wout la epi bay resous pou anplwaye yo tankou Inivèsite Rochester pou bay espas ki san danje, pwòp epi akeyan pou anplwaye ki ka ap bay tete yo", Sarah Mangelsdorf, Prezidan Inivèsite Rochester a te deklare.

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Manman yo merite soutyen lè y ap retounen nan espas travay yo apre yo fin akouche. Nan Konte Monroe, nou te kreye chanjman politik ki enpòtan nan ane ki pase a epi nou te konstui sal laktasyon nan 11 nan etablisman nou yo. Mwen fyè ke yo te rekonèt konte a kòm yon plas travay ki Adapte pou Aletman. Mèsi a Depatman Sante Eta New York ak Inivèsite Rochester dèske yo bay resous nou te bezwen pou fè sa rive. Mèsi, Gouvènè Hochul, dèske ou pran mezi pou bay yon anviwònman travay ki pi pozitif epi favorab pou manman yo atravè Eta New York."

Direktè Komite Politik Kowlisyon Alètman nan Tout Eta New York la Theresa Landau te deklare, "Koalisyon an bat bravo pou Eta New York dèske li amande Lwa Travay New York la pou elaji, klarifye, epi amelyore sipò alètman pou anplwaye yo nan travay. Pou anplwaye ki nouris yo reponn ak rekòmandasyon alètman aktyèl yo ak pwòp objektif alètman yo, li esansyèl ke yo enfòme epi asire ke yo y ap genyen tan ak espas prive pou tire lèt regilyèman nan espas travay la. Lwa ki amande sa ak politik yo egzije a ap ede atenn objektif sa."

Kondisyon pou sal laktasyon an

Dapre nouvo lwa a, tout anplwayè yo dwe bay yon sal prive oswa lòt espas, ki pa yon saldeben, pou tire lèt nan tete.

Ominimòm, sal la oswa kote a dwe:

- Toupre ak espas travay anplwaye a
- Bay bon ekleraj natirèl oubyen atifisyèl

- Prive - alafwa lwen rega epi alabri entri
- Genyen dlo k ap koule ki aksesib, pwòp, toupre
- Genyen yon priz elektrik (si espas travay la gen elektrisite ki alimante l)
- Gen yon chèz
- Bay yon biwo, ti tab, biwo, kontwa, oswa lòt sifas plat.

Pa bezwen genyen yon espas separe pou chak anplwaye k ap bay tete. Yon anplwayè ka prepare yon sèl sal oswa lòt kote pou tire lèt. Si ta gen plis pase yon anplwaye alafwa ki bezwen gen aksè nan yon sal laktasyon, yon anplwayè ka konsakre yon kote ki santralize pou tout anplwaye yo itilize.

Demann pou tire lèt nan travay

Nouvo lwa a egziye anplwayè yo pou bay yon politik alekri pou anplwaye yo konsènan dwa yo genyen dapre lalwa pou tire lèt tete nan espas travay la. Anplwayè yo dwe bay chak anplwaye politik la lè y ap anboche yo, yon fwa pa ane apre sa, epi ankò pou anplwaye k ap retounen travay apre nesans yon timoun.

Anplwaye ki swete mande yon kote pou tire lèt nan espas travay la ta dwe fè sa lè li soumèt yon demann alekri bay sipèvizè dirèk li oswa moun patwon an deziyen an pou trete demann yo. Anplwayè yo dwe reponn a demann sa pou yon sal oswa lòt kote pou tire lèt la alekri nan senk (5) jou.

Itilize lè poz pou tire lèt nan tete

Dapre lwa aktyèl la, tout anplwayè yo dwe otorize anplwaye yo itilize lè poz ki rezonab ki pa peye pou tire lèt nan espas travay la. Yo dwe bay tan an pou jiska twa zan apre timoun nan fèt. Yo dwe bay poz yo omwen chak twa èdtan si anplwaye a mande epi yo dwe omwen 20 minit. Anplwaye yo ka itilize lè poz peye yo a oswa lè repa yo si yo ta renmen, men yo pa oblije. Anplwayè yo entèdi pa lalwa pou fè diskriminasyon oswa reprezay kont yon anplwaye ki chwazi tire lèt nan espas travay la.

Vizite [sitwèb NYSDOL](#) la pou plis enfòmasyon ki enkli sou nouvo politik la, kesyon yo poze souvan ak fich enfòmasyon sou anplwayè / anplwaye yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)